



**Mouvman sosyal ayisyen ak Dominiken mete tèt yo ansanm pou denonse gwo risk aktivite min metalik gen sou zile a. 22 jiyè , jounen entènasyonal batay kont min metalik.**

Mouvman sosyal ayisyen ak dominiken yo ap rele anmwe devan malè pandye eksplwatasyon min yo reprezante. 22 jiyè se jounen entènasyonal pou batay kont eksplwatasyon endistriyèl min yo. Fowòm binasyonal sou min ak chanjman klima, nan okazyon jounen entènasyonal sa a, ap avèti tout moun sou konsekans eksplwatasyon min sou zile a ki menase forè yo, sous dlo yo, souverènte nan kesyon lamanjay. Nap envite tout òganizasyon pwogresis nan toulède peyi yo; Ekolojis yo, federasyon peyizan yo, ak tout sitwayen konsyan pou yo reflechi sou bilan dramatik aktivite min yo sou zile nou an depi 1492. Depi lè sa a yo te toujou ap kache dechèpiyay la dèyè yon seri pawòl dlololo-manipulasyon tankou « modènizasyon » ak « devlopman » kote yo pwomèt pwosperite ak byennèt pou tout moun. Sa nou jwenn okontrè se destriksyon anviwonman, enstabilite nan klima, ensekirite alimantè ak grangou.

Nap pouse yon gwo rèl devan mannèv gwo konpayi transnasyonal yo ki, nan konplisite ak gouvenman nan 2 peyi yo ap rakonte toupatou fòk nou fè plis ekstraksyon min pou nou ka sòti anba kriz ekonomik ak resesyon Kovid 19 la plonje Ayiti ak Repiblik Dominkèn. Yap chache pwofite de pandemi a pou yo fè plis lajan ak pwofi pandan yap kraze lyen sosyal yo e yap demantibile tout sous lavi nan teritwa nou yo. Gwo transnasyonal min yo bezwen anpil tè, anpil dlo, anpil metal ak sibstans nou jwenn anba tè pou yo fè lajan yo fè tiyon nan yon ti bout zile a ki déjà ap batay ak yon gwo kriz anviwonmantal nan yon kontèks vilnerabilite.

Pandemi Kovid-19 la demontre enpòtans dlo, pyebwa, rezèv forè, eritaj kolektif ak nesesite pou nou mete sante moun nan mitan tout ajanda politik ak nenpòt estrateji investisman. Gwo ekspwatasyon min yo se lenmi tout bagay sa yo, se lenmi lavi. Nan kontèks gwo kriz sanitè nap viv la konpayi transnasyonal yo ap chache jwenn plis avantaj toujou e yo ogmante atak kont gouvènman peyi amerik latin yo sou baz akò komès lib yo ak konvansyon ant 2 peyi sou pwoteksyon investisman.

Rezistans pèp yo kap batay pou defann teritwa yo ak dwa yo toujou kanpe djanm. Nou p ap aksepte kontinwite dominasyon enperyalis ak neokolonyal sou okenn fòm. Travay nou gen pou n fè jodi a se kanpe estrikti pou ranfòse rezistans sa yo pandan nap bati yon gwo mouvman binasyonal ak nan tout Karayib la ki gen ase fòs pou goumen pou enplante yon modèl sosyete ki garanti byennèt kote nap kapab pran swen zile a ki se kay nou tout. Mouvman sa a dwe gen kapasite pou bloke ofansiv antrepriz transnasyonal pou fè dappiyanp sou kominote nou yo. Nou deside batay, san pran souf, pou kreye tout kondisyon pou bati souvènte sou teritwa nou yo ak resous nou yo.

**ANAVAN NAN BATAY POU PÈP NOU YO DEFANN LAVI !**

**AN NOU BATI FOWÒM BINASYONAL KONT EKSPLOWATASYON MIN !**

**AN NOU KANPE POU ANPECHE YO PWOFFITE DE KOVID LA POU METE NOU NAN  
PLIS ESKLAVAJ TOUJOU !**

**NOU PAP KITE KOU SA A PASE !**

21 jiyè 2020, Pòtoprens ak Santo Domingo

Siyati:

-Coalición Ambiental de la Línea Noroeste (COANOR)

-Asamblea Ambiental Dominicana (ANA)

-AfrosRD, miembro Coalición Global por los Bosques

-Justicia Climática RD

-Confederación Nacional de Mujeres del Campo

(CONAMUCA)

-Asociación Cultural La Negrata, Inc.

-Articulación Nacional Campesina (ANC)

-Comité Nacional de Lucha Contra el Cambio Climático

(CNLCCC)

-Voces del Camú

-Casa de la Cultural de Haina

-Centro de Orientación y Protección al Consumo de la

Energía Eléctrica y Consumo Responsable (COPCEEA)

-Sociedad Ecológica de Nigua

  
Franny Lespérance & Peterson Derolus Kòdonatè

Kolektif Jistis Min (KJM)

-Plateforme haïtienne de Plaidoyer pour un

Développement Alternatif (PAPDA)

-Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen TK

-CE-JILAP, Comision justicia y paz de la iglesia católica

-Mouvman Demokratik Popilè (MODEP)

-Batay Ouvriye

-Groupe d'appui aux réfugiés et rapatriés (GARR)

-Plateforme des organisations haïtiennes de défense des  
droits humains (POHDH)